

# Sa Ou Dwe Konnen Sou Reklam Kap Twonpe Ou



## Move reklam ak reklam kap twonpe ou

Souvan konsomatè nan tout peyi a viktim konpayi piblisite mètdam ki itilize mo tankou «Sekirite sosyal» oswa «Medicare» pou atire piblik la. Anpil fwa, konpayi sa yo fè ou peye pou sèvis Sekirite Sosyal yo, menmsi ou ka jwenn menm sèvis sa yo dirèkteman nan biwo Sekirite Sosyal la gratis. Resevwa sèvis tankou:

- Yon kat Sekirite Sosyal ki korije ki gen non marye yon fanm;
- Yon kat Sekirite Sosyal pou ranplase yon kat ou pèdi;
- Yon *Deklarasyon Sekirite Sosyal*; ak
- Yon nimewo Sekirite Sosyal pou yon timoun.

Kèk nan moun ki ap fè reklam yo, make ke biwo Sekirite Sosyal la gen pwoblèm lajan, epi moun ka riske pèdi benefis Sekirite Sosyal yo oswa Medicare yo si yo pa bay yon kontribisyon oswa yo pa peye yon lajan bay konpayi ki ap fè reklam nan pou yo ka menm. Gen lòt konpayi ki montre fo anblèm Sekirite Sosyal la ki montre yo travay ak biwo Sekirite Sosyal. Yo ofri “Mizajou sou Sekirite Sosyal” oswa mizajou sou benefis Sekirite sosyal. Dabitid konpayi sa yo ranmase enfòmasyon nan men konsomatè a epi li vann bay lòt konpayi enfòmasyon prive sa yo. Bagay sa yo twonpe pèp Ameriken.

## Kisa ki fèt pou anpeche gen reklam kap twonpe ou?

Lwa ki okipe zafè reklam sou Sekirite Sosyal ak Medicare ki twonpe moun, anpeche moun oswa biznis ki pa biznis gouvènman an, sèvi ak mô oswa foto ki ka twonpe ou. Reklam yo pa dwe fè moun kwè ke yo se reprezantan Sekirite Sosyal oswa Sant pou Medicare ak Sèvis Medicaid (Medicare) yo, oswa Sekirite Sosyal, oswa Sant pou Medicare ak Sèvis Medicaid yo andose yo, oswa apwouve yo.

Lè gen yon reklam sou Sekirite Sosyal ki ka twonpe ou, Biwo Enspektè Jeneral Sekirite Sosyal la revize reklam la. Lè yo Mandè moun yo ak konpayi yo kesyon sou reklam yo, yo dakò san fòse pou yo sispann itilize reklam yo, oswa pou yo chanje reklam yo selon lalwa. Men, si yo pa dakò chanje reklam yo san fòse, Biwo Enspektè Jeneral la pral sanksyone moun nan oswa konpayi an jiska \$5,000 pou chak reklam li voye pa lapòs. Ou dwe voye reklam kap twonpe moun sou Medicare bay Biwo Enspektè Jeneral Depatman Sante ak Sèvis Imèn nan pou yo ka revize yo.

## Kisa pou ou fè si ou resevwa enfòmasyon sou Sekirite Sosyal kap twonpe ou

Voye tout reklam ou resevwa, ansanm ak anvlòp la, bay:

Office of the Inspector General  
Fraud Hotline  
Social Security Administration  
P.O. Box 17768  
Baltimore, MD 21235

Epitou, fè biwo avoka jeneral leta a oswa biwo zafè konsomatè a ak Biwo Bon Komès (Better Business Bureau) nan zòn ou a konnen sa.

## Kontakte Sekirite Sosyal

Pou jwenn plis enfòmasyon ak kopi piblikasyon nou yo, ale nan sou Entènèt nan sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov), oswa rele gratis nan nimewo **1-800-772-1213** (pou moun ki soud oswa ki mal pou tandè, rele nan nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**). Nou trete tout apèl yo an sekre. Si ou pale lang Panyòl, peze 2. Pou tout lòt lang yo, peze 1, rete sou liy lan, epi rete an silans pandan w ap tandè yon vwa k ap ba ou enstriksyon otomatik jouk lè yon anplwaye reponn. Anplwaye a ap kontakte yon entèprèt pou ede li avèk apèl ou a. Sèvis entèprèt la disponib pou gratis. Nou ka reponn kesyon espesifik yo ant 7 a.m. ak 7 p.m., lendi jiska vandredi. Nou kapab bay enfòmasyon nan lang Angle yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Nou vle asire nou tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a ke genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwòle kèk apèl telefonik.

